



# Avi ki Montre Demandè a Dwe Fè Aranjman pou Tès ak Egzamen Dyagnostik atravè yon Pwofesyonèl Swen Sante ki Nan Rezo a

# DT-1

*Eta New York - Komite Aksidan nan Travay*

Demandè yo oblije jwenn Tès ak Egzamen Dyagnostik atravè Rezo Tès dyagnostik pou Konpayi Asirans yo idantifye pi ba a. Yo bay Demandè a ak Pwofesyonèl Medikal K ap Fè Tretman an Avi sa a dapre Lwa pou Aksidan nan Travay la §13-a(7) ak 12 NYCRR 325-7. Si yo pa bay Demandè a avi ki obligatwa a, enben Demandè a p ap gen okenn obligasyon pou li itilize rezo tès dyagnostik la.

## EKRI NON KONPAYI ASIRANS LAN AK LÈT DETACHE ISIT LA

Dat Avi a: \_\_\_\_\_

**Tcheke ti kare ki koresponn anba a:**

**Avi pou Demandè a**

Demandè: \_\_\_\_\_ Nimewo Dosye WCB a: \_\_\_\_\_  
Non Dezyèm Non Siyati (Si li Disponib)

Adrès Postal: \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan: \_\_\_\_\_

**Avi pou Pwofesyonèl Medikal K ap Fè Tretman an**

Non Pwofesyonèl Medikal K ap Fè Tretman an: \_\_\_\_\_ Nimewo Otorizasyon an: \_\_\_\_\_

Adrès Postal: \_\_\_\_\_

Idantifye Egzamen oswa Tès Dyagnostik Demandè a dwe pwograme a, lè li annik sèvi avèk Rezo Tès Dyagnostik la (tcheke tout ti kare ki koresponn yo):

Tout  MRI  CT  EMG/NCS  Ekografi Dyagnostik  Radyografi

Lòt: \_\_\_\_\_

**Pou pwograme yon egzamen oswa yon tès dyagnostik, kontakte Rezo Tès Dyagnostik ki nan lis anba a:**

### Rezo Tès Dyagnostik:

Ekri non, adrès, nimewo telefòn gratis rezo tès dyagnostik la ak nenpòt adrès sit entènèt oswa enfòmasyon kontak pa mwayen imèl, anba a:

Rezo Tès Dyagnostik \_\_\_\_\_

Adrès Postal: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: ( \_\_\_\_\_ ) Nimewo Faks: ( \_\_\_\_\_ )

Adrès Sit Entènèt: \_\_\_\_\_ Adrès Imèl: \_\_\_\_\_

### DEKLARASYON DWA AK OBLIGASYON - REZO TÈS DYAGNOSTIK (WCL §13-a(7) ak 12 NYCRR §325-7)

- Demandè a ap resevwa non, adrès ak nimewo telefòn omwen senk [5] pwofesyonèl swen sante. Pwofesyonèl swen sante yo dwe rete nan yon distans rezonab ak kay oswa ak travay demandè a. Rezo a dwe bay demandè a adrès tout pwofesyonèl swen sante yo, si gen mwens pase senk [5] nan yo ki nan yon distans rezonab.
- Yo dwe pwograme tès la epi fè li nan senk [5] jou ouvrab apre demann lan. Si rezo a mande konpayi asirans lan pou li apwouve tès la, sa dwe toujou fèt nan senk [5] jou ouvrab apre doktè demandè a fin fè demann lan.
- Demandè a ka chwazi nenpòt pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a, pou l fè tès la.
- Demandè a ka pale ak doktè li a konsè chwa pwofesyonèl swen sante a:
- Demandè ta dwe pataje avi sa a ak tout doktè li yo.
- Demandg a pa oblije sèvi ak yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a, nan sikonstans sa yo:
  - Pwofesyonèl swen sante a pa ka pwograme tès la nan senk [5] jou ouvrab.
  - Konpayi a te konteste (te opoze ak) oswa pral konteste reklamasyon an.
  - Lè gen yon ijans medikal.
  - Pou radyografi yo fè pandan yon vizit nan biwo a epi pou radyografi yo itilize pou dyagnostik ak tretman pou: frakti, frakti ki posib, kote ki dejwente, timè, enfeksyon, detachman enplant chirijikal, kote ki dejwente nan yon pwotèz, enstabilite kolòn vètebral, oswa swivi yon operasyon.
- Si konpayi a pa bay avi ki nesese a, konpayi a dwe peye frè tout tès ki fèt deyò rezo a.
- Nan yon demann alekri, rezo a pral bay doktè demandè a fim tès la, done oswa imaj dijital aktyèl la. Y ap voye eleman sa yo bay doktè demandè a ansanm ak rapò a oswa nan twa [3] jou ouvrab apre li resevwa demann alekri a. Yon doktè ka mande yon dezyèm tès nan rezo a, nan lide pou l jwenn yon dyagnostik ki egzat jan sa endike nan Gid Tretman Medikal yo, si tout fwa kalite tès la pa apwopriye.
- Demandè a gen dwa pou l jwenn ranbousman pou frè deplasman rezonab li fè pou ale ak pou soti kot pwofesyonèl swen sante a.

Gen plis enfòmasyon sou rezo tès dyagnostik yo ki disponib nan "Subject Number 046-480 (Nimewo Sijè 046-480), ki sou sit entènèt Komite a anba "Board Bulletins" (Bilten Konsèy la) ak "Subject Numbers" (Nimewo Sijè yo).